

Odyans Administratif

Yon Gid pou Biznis yo

Depatman Afè Konsomatè (DCA) te kreye gid sa a pou reponn kèk kesyon komen konsènan odyans administratif yo. Si biznis ou te resevwa yon Avi Odyans ki sòti nan DCA, gid sa a ap ede ou konprann kisa yon odyans gen ladan.

Haitian Creole

I. ENFÒMASYON JENERAL

Biznis mwen te resevwa lòd pou prezante nan yon odyans nan Depatman Afè Konsomatè. Kisa k ap pase nan yon odyans?

Nan yon odyans, yon Jij Lwa Administratif (ALJ) ap koute temwayaj epi l ap pran prèv kliyan an oswa reprezantan DCA, ak oumenm ak temwen ou yo. Objektif odyans lan se pou bay pwopriyetè biznis lan yon opòtinite pou prezante devan yon ALJ ki jis ak san paspouki, epitou pou prezante yon defans pou akizasyon an (yo) nan Avi Odyans lan.

Ki kote yo fè odyans yo?

Odyans yo fèt nan Tribunal Administratif Afè Konsomatè, ki nan 11yèm etaj nan 66 John Street nan pwent sid Manhattan.

Kisa k ap pase si mwen pa prezante nan dat odyans lan?

Ou dwe soumèt yon demann ekri pou yon nouvo dat odyans omwen twa (3) jou ouvrab anvan dat ki pwograme pou odyans lan. Lèt ou a ta dwe endike rezon ki fè ou p ap anmezi pou prezante nan odyans lan nan dat ki pwograme a. Itilize YOUN nan metòd sa yo pou soumèt demann ekri ou pou yon nouvo dat odyans:

- Imèl demann ou ba AdjournmentRequests@dca.nyc.gov (metòd prefere a) OSWA
- Fakse demann ou nan (212) 361-7766 OSWA
- Voye demann ou pa lapòs ba:
Director of Adjudication
NYC Department of Consumer Affairs
66 John Street, 11th floor
New York, NY 10038

Si ou pa resevwa notifikasyon Tribunal Administratif DCA ki endike yo akòde demann ou pou yon nouvo dat odyans ou, oumenm oswa reprezantan ou dwe prezante nan dat orijinal odyans lan. (Al gade seksyon “DESIZYON AN) pou jwenn sa k ap pase si ou pa prezante nan yon dat ki pwograme pou odyans lan.)

Enpòtan: Si ou te resevwa yon Avi Odyans ki gen yon nimewo vyolasyon ki kòmanse avèk lèt “CD” (ki vle di Rejis Konsomatè), asire ou voye yon kopi demann ou pou yon nouvo dat odyans pou kliyan an nan adrès ki endike sou Avi Odyans lan. Yo ka bay refi pou demann ou pou yon nouvo dat odyans si ou pa voye yon kopi ba kliyan an epi si ou pa endike ou pa t fè sa nan demann ou.

Kisa mwen ta dwe fè si biznis mwen resevwa yon vyolasyon *PL pou aktívite san lisans?

Sispann aktívite san lisans lan imedyatman. You ka gen obligasyon pou peye yon amann pou chak jou biznis ou t ap opere san yon lisans. Pwopriyetè a, yon anplwaye siperyè sosyete, oswa yon reprezantan ki gen otorizasyon ekri pou rezoud vyolasyon an sou non biznis ou ta dwe vini nan Tribunal Administratif DCA nan 66 John Street san pèdi tan pou rankontre avèk yon ofisyè règleman. Yon reprezantan otorize ta dwe prepare yon fòm **Deklarasyon sou Sèman pou pran Desizyon** epi pou fè pwopriyetè a oswa yon anplwaye siperyè sosyete a siyen ak notarye li anvan rankont lan avèk yon ofisyè règleman. Fòm sa a disponib padèyè gid sa a ak anliy nan sit wèb nyc.gov/consumers.

*Not: “PL” vle di Padlock Violation (vyolasyon kadna).

Èske mwen kapab aplike pou yon lisans anvan dat odyans lan?

Wi. Pou jwenn yon aplikasyon lisans oswa pou aplike pou kèk lisans anliy, ale nan sit wèb nyc.gov/consumers. Ou kapab rele 311 tou pou mande pou yo voye pake aplikasyon lisans lan pou ou pa lapòs.

Enpòtan: Menmsi ou aplike pou yon lisans oswa menmsi ou jwenn yon lisans anvan dat odyans lan, ou toujou dwe rezoud vyolasyon PL la nan oswa anvan dat odyans lan oswa ou toujou dwe prezante pou odyans nan dat odyans lan.

II. FASON POU REZOUD YON VYOLASYON SAN YON ODYANS

Èske mwen kapab rezoud vyolasyon an olye mwen prezante nan yon odyans?

Si ou te resevwa yon Avi Odyans ki gen yon nimewo vyolasyon ki PA kòmanse avèk lèt “CD,” ou ka anmezi pou rezoud vyolasyon an anvan dat odyans lan lè ou:

1. Peye amann ***lèt pwosedi** pa lapòs oswa anliy OSWA
2. Vini nan Tribunal Administratif DCA nan 66 John Street, 11yèm etaj, anvan dat odyans lan ak lè ou rankontre avèk yon ofisyè règleman. Pi bon lè pou vini nan Tribunal la se a 2:00 p.m., lendi jiska vandredi.

*Nan sèten ka, ou ka resevwa yon lèt pwosedi pa lapòs anvan dat odyans lan k ap ofri ou opòtinite pou plede koupab epi pou peye yon

amann redui olye yon prezante nan odyans lan. Si ou peye amann redui a anvan dat odyans lan, ou p ap gen obligasyon pou konparèt pou yon odyans nan Tribunal Administratif DCA.

Ki fòm peman yo aksepte?

Ou ka peye règleman an oswa amann lèt pwosedi a avèk chèk, manda postal (money order), oswa kat kredi (anliy sèlman).

Kisa k ap pase si mwen rezoud ka mwen avèk kliyan an anvan dat odyans lan?

Si oumenm ak kliyan an rezoud plent kliyan an anvan dat odyans lan, kliyan an ta dwe fè DCA konnen sa alekri pou endike kliyan an pa vle fè odyans lan. Kliyan an ta dwe fè DCA konnen sa anvan dat odyans lan avèk YOUN nan metòd sa yo:

- Imèl Isettled@dca.nyc.gov OSWA
- Faks (212) 487-4390 OSWA
- Notifikasyon ekri pa lapòs pou voye ba:
NYC Department of Consumer Affairs
Attn: Legal Division
42 Broadway, 9th floor
New York, NY 10004

III. FASON POU PREPARE POU ODYANS OU

Kijan mwen ta dwe prepare pou odyans mwen?

Menmsi ou pa gen obligasyon pou prezante nan odyans lan avèk yon avoka, ou ka vle konsilte yon avoka anvan odyans lan. Ou ta dwe revize lwa (yo) ak/oswa règ (yo) yo akize ou vyole a. Ou ka vle tou revize règ ki aplike nan odyans administratif yo nan DCA, epi ou kapab jwenn yo nan Tit 6 Règ Vil Nouyòk, Seksyon 6-01 jiska 6-45.

Ou ka jwenn tout lwa ak règ Vil Nouyòk, tankou Lwa ak Règ Pwoteksyon Konsomatè anliy nan sit wèb nyc.gov/consumers. Pou itilite ou, seksyon Lwa enpòtan Eta Nouyòk ak/oswa Lwa ak Règ Vil Nouyòk ki gouvène kategori DCA bay lisans yo disponib kòm dokiman ou kapab telechaje nan sit wèb nyc.gov/consumers.

Ou ta dwe revize tou enfòmasyon dosye ou epitou ou ta dwe rasanble ak òganize tout prèv ou pou ou kapab prezante dosye ou ba jij la nan yon mannyè òganize.

Ki prèv mwen ta dwe pote nan odyans lan?

Ou ta dwe ale avèk nenpòt dokiman ak/oswa temwen ki kapab ede ou pwouve defans ou. Pami dokiman yo, ka genyen:

- resi yo
- foto yo
- yon apantaj yon apantè ki gen lisans sètifye, epi apantaj la endike liy pwopriyete a aklè (si ou jwenn akizasyon kòm moun ki opere yon ti restoran sou twotwa san ou pa gen yon lisans)
- lisans
- dosye biznis lan
- chèk yo
- kontra yo
- estimasyon yo

Paske jij la ap bezwen konsève swa orijinal dokiman ou yo oswa yon kopi chak dokiman ou yo, epi ou ka gen obligasyon pou bay yon kopi pou reprezantan DCA oswa pou kliyan an, asire ou pote DE kopi nan chak dokiman nan odyans lan.

Kisa yon “demann dekovèt enfòmasyon” ye?

Yon demann komunikasyon enfòmasyon se yon demann ki fèt alekri pou jwenn kopi dokiman ak non temwen y ap mennen nan odyans lan. Oumenm (biznis lan) ak moun ki kont yo gen dwa pou voye demann komunikasyon enfòmasyon yo youn ba lòt. Ou dwe resevwa demann komunikasyon yo omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans ki pral fèt la.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa yon demann dekovèt enfòmasyon nan DCA oswa kliyan an?

Ou dwe voye ba pati opoze a kopi nenpòt dokiman ak non nenpòt temwen ou gen entansyon mennen nan odyans lan. Pati opoze a dwe resevwa dokiman sa yo omwen de (2) jou ouvrab anvan odyans lan.

IV. JOU ODYANS LAN

Èske mwen bezwen yon avoka reprezante mwen oswa èske mwen dwe ale avèk yon avoka nan odyans lan?

Menmsi li pa obligatwa, ou ka chwazi pou yon avoka prezante avèk ou nan odyans lan.

Èske mwen bezwen pwòp entèprèt mwen nan odyans lan?

Ou ka pa itilize entèprèt pa ou nan odyans lan. Ofisyè aranjman an ap fè aranjman pou gen yon entèprèt “ofisyèl” ki disponib nan telefòn pou nenpòt moun oswa temwen ki bezwen yon entèprèt pandan konferans pou règleman. (Gade seksyon “Kisa k ap pase nan jou odyans lan?” pou jwenn enfòmasyon sou konferans pou règleman.) Si ou pa jwenn yon aranjman nan dosye ou, epi ou oblige ale nan odyans lan, Jij Lwa Administratif (ALJ) ap fè aranjman pou mete yon entèprèt “ofisyèl” adispozisyon ou nan telefòn nan odyans lan.

Avèk kimoun mwen kapab prezante nan odyans lan?

Nenpòt moun kapab akonpaye ou nan odyans lan, epitou nenpòt moun ki konnen dosye ou kapab bay temwayaj nan odyans lan kòm yon temwen sou non ou. Ou ka otorize yon avoka tou oswa yon moun ki pa avoka pou reprezante ou nan odyans lan oswa pou prezante sou non ou.

Kisa k ap pase nan jou odyans lan?

Asire ou rive alè pou odyans ou. Y ap mande oumenm (ak reprezantan ou, si ou gen youn) pou ranpli yon Avi Konparisyon. Asire ou bay imèl ou nan Avi Konparisyon an pou ou kapab resevwa enfòmasyon enpòtan sou dosye ou rapid ak fasil.

Si ou te resevwa yon Avi Odyans ki gen yon vyolasyon ki PA kòmanse avèk lèt “CD,” oumenm ak/oswa reprezantan ou ap rankontre avèk yon ofisyè règleman pou yon konferans pou règleman anvan ou prezante devan yon ALJ pou yon odyans. Ofisyè règleman an ap eksplike ou akizasyon an (yo), epitou l ap ofri ou posiblite pou plede koupab pou akizasyon an (yo) pou kapab jwenn yon sanksyon redui.

Si ou te resevwa yon Avi Odyans ki gen yon nimewo vyolasyon ki kòmanse avèk lèt “CD,” oumenm ak reprezantan ou (si ou gen youn) ak kliyan an ap rankontre avèk yon ALJ pou yon konferans pou règleman. ALJ a ap eseeye ede ou ak kliyan an jwenn yon akò pou rezoud konfli a san nou pa gen pou prezante nan yon odyans.

Pou kisa mwen gen pou patisipe nan yon konferans pou règleman?

Anjeneral, li nan pi bon enterè pati yo pou rezoud yon dosye olye yo ale nan yon odyans. Règleman yo ekonomize tan, enèji ak resous ki nesesè pou pwouve dosye yo nan yon odyans pou pati yo.

Kisa k ap pase pandan yon odyans?

Oumenm ak temwen ou yo, temwen ak/oswa reprezantan DCA, ak/oswa

kliyan an ak temwen kliyan an ak reprezantan kliyan an ap prezante devan yon ALJ. ALJ a ap louvri yon aparèy anrejistrè epi l ap fè yon anrejestremman ofisyèl odyans lan. ALJ ap fè temwen yo fè sèman anvan temwen yo bay temwayaj yo. Anjeneral, temwen DCA yo ak kliyan ak temwen kliyan an ap bay temwayaj yo epi y ap prezante prèv yo anvan. Y ap ba ou opòtinite pou poze chak temwen kesyon. Apre pati opoze a fin prezante dosye li, w ap gen opòtinite pou bay temwayaj ou epitou pou prezante temwen ou yo ak lòt prèv pou sipòte defans ou. ALJ a ka poze nenpòt temwen kesyon pandan y ap bay temwayaj yo.

V. DESIZYON AN

Kilè m ap resevwa desizyon an?

ALJ ap pran yon desizyon apre odyans lan fini, epitou w ap resevwa desizyon an pa lapòs oswa nan imèl si ou bay DCA yon imèl. Nan pifò ka yo, ou kapab espere resevwa yon desizyon nan 30 jou apre odyans lan fini oswa apre dosye a fèmen.

Èske mwen kapab fè apèl kont desizyon an?

Wi. Ou gen dwa pou fè yon apèl kont desizyon devan Direktè Jijman an. Desizyon ou resevwa pa lapòs la ap gen ladan enstriksyon sou fason pou fè apèl la. Pou jwenn lòt enfòmasyon, ale nan sit wèb nyc.gov/consumers oswa rele 311 epi mande pou “Mizajou nan Odyans Kliyan.”

Kisa k ap pase si mwen pa fè prezante nan dat ki pwograme pou odyans lan?

Si ou pa prezante nan dat ki pwograme pou odyans lan, yo ka pran yon **desizyon-pa-defo** kote y ap jwenn ou koupab pou akizasyon an (yo), y ap egzije ou pou peye yon amann pou chak akizasyon, epitou yo ka egzije ou pou peye yon lòt amann poutèt ou pa t prezante nan odyans lan. Answit, yo ka sispann oswa anile lisans ou.

Èske mwen kapab fè apèl kont desizyon-pa-defo?

Wi. Si ou rate odyans lan epi ou resevwa yon desizyon-pa-defo, ou gen dwa pou fè yon mosyon pou retire desizyon-pa-defo a epitou pou mande yon nouvo odyans. W ap gen obligasyon pou bay yon rezon valab ki fè ou pa t prezante nan odyans lan, ak bon defans pou chak akizasyon. Desizyon ou resevwa pa lapòs la ap gen ladan enstriksyon sou fason pou fè mosyon pou elimine desizyon an. Pou jwenn lòt enfòmasyon, ale nan sit wèb nyc.gov/consumers oswa rele 311 epi mande pou “Mizajou nan Odyans Kliyan.”



**Department of
Consumer Affairs**

DEKLARASYON SOU SÈMAN KI BAY OTORIZASYON POU PRAN DESIZYON

Dat: _____

Nimewo Vyolasyon an (fè wonn nan yon kòd): PL / LL / CL / TP / WH / OL / WS _____

Non mwen se: _____.

Mwen **SÈMANTE** pou sa ki anba la a:

1) Mwen se pwopriyetè a oswa yon anplwaye siperyè sisyete _____,
Non Konplè Biznis lan

Ki nan adrès _____
Adrès Konplè Biznis lan

_____.

2) Mwen otorize _____, ki gen telefòn
Non Reprezantan Otorize a

nimewo a se _____ epi ki gen imèl ki se
_____, pou fè yon akò pou vyolasyon ki endike anwo
a sou non biznis mwen.

3) Mwen rekonèt mwen oswa biznis mwen ap respekte kondisyon akòz reprezantan
otorize mwen siyen an.

Siyati Pwopriyetè/Ofisyè Siperyè

Sèmante devan mwen nan _____ jou
_____, 20____

Ekri non an lèt detache

Notè Piblik

OSWA

So Sisyete a

ARANJMAN REZONAB

Si ou gen yon andikap, epi ou bezwen yon aranjman rezonab nan jou odyans lan, ou fèt pou voye yon demann, ansanm avèk prèv, anvan dat odyans lan nan Divizyon Desizyon nan mycase@dca.nyc.gov

Depatman Afè Konsomatè Vil Nouyòk asire kliyan yo ak biznis yo jwenn avantaj nan yon espas mache ki jis ak dinamik. Pou jwenn lòt enfòmasyon sou Depatman an, ale nan sit wèb nyc.gov/consumers

Si ou gen yon plent ki asosye ak kliyan, rele DCA nan 311 oswa (212) NEW-YORK.

Anplwaye Minisipalite Vil Nouyòk pa gen pèmisyon pou mande oswa pou aksepte anyen ki gen valè, tankou lajan, kado, oswa poubw pou fè djòb yo. Pou rapòte koripsyon, kontakte Depatman Ankèt Vil Nouyòk nan sit wèb www.nyc.gov/doi



Enprime sou 30%
papye resikle ki
sèvi dejà